# Say aqq ak Yelleef Saa boo Jotee ci Mëneef u Kureel u Taxawu Magg ak Seentu fu Sori ak Kureel u Wey Laago yi ci Suqqaliku

**Your Rights and Responsibilities When You Receive Services Offered by Aging and Long-Term Support Administration and Developmental Disabilities Administration**

| TUR U KILIYAD |
| --- |
| NIMERO RAÑÑEKAAY U JOTIN |

**Mëneef yi Jappandal**

Am nga sañ-sañ u tann ci mëneef yi nga mën a jot. Mëneef yii ci sa coobare la aju. Mëneef yi Kureel u Taxawu Magg ak Seetu fu Sori (Aging and Long-Term Support Administration, ALTSA) ak Kureel u Wey Laago yi ci Suqqaliku (Developmental Disabilities Administration, DDA) mën a fay mën na ñu laa baña dimbali ci sa soxla yëpp.

ALTSA ak DDA dañuy joxe ay mëneef ci:

- Kër u Jaboot u Mag, Barab u Taxawu ci Dund, Barab u Mëneef yu Xarañ, Barab u Infirmé, Kër u Bokk, Kër u Xaleey Foster, Kër Dëkk gu am Lisaans u Xale; Kër u Mbooloo DDA; Kër u Taggat u Mbooloo, ICF/IDs; OR
- Kër u kenn. **Bayyil xel:** ALTSA ak DDA mën u ñu la jox mëneef u kenn. ci 24 i waxtu/bes bu nekk ci ab kër u kenn. Su fekkee ni da nga bëgg toppatoo u 24 i waxtu kon jeemal seet ci yeneen tanneef yii.

Sa Toppatookat u Kaa AAA, wala sa Toppatookat u Kaa DDA, wala Aji Maccteef u wall u Mëneef u Askan bu HCS ñu ngi koy woowee **ligeeykat u kaa** ci biir kayit gii.

**Say Aqq**

Am nga aqq u:

- Ñu toppatoo la ak diñite, jox la cër te baña xaajatle;
- Ñu deñc say xibaar ci li yoon maye ak sart u DSHS;
- Ñu bañ la nax, doyadal, sacc sa xaalis, wala bërgël la. Ngir am misaal u baat yooyu, seetil: [https://www.dshs.wa.gov/altsa/home-and-community-services/types-and-signs-abuse](https://www.dshs.wa.gov/altsa/home-and-community-services/types-and-signs-abuse). Su fekkee ni yow wala kenn ku nga xam da ñu ko nax, doyadal, wala sacc, ñu ngi lay ñaan nga woo waa DSHS te doo fay dara ci 1-866-(End Harm) / 1-866-363-4276 ngir wax ak ab ligeeykat bu lay mën dimbali;
- Ñu toppatoo te jox cër sa dëkkuwaay;
- Ñu wax la ci mëneef yëpp yi nga mën a jot ak tanneef yi nga am ci wall u mëneef yi nga bëgg ak yi nga bëggul;
- Ligeey ci lëkkaloo ak sa ligeeykat u kaa ci tërël sa doxalin u toppatoo;
- Ñu bañ la forsé nga tontu ay laaj wala def loo bëggul def;
- Ñu wax la ci mbind ndogal yi asaans yi jël ak jot ay kopi wu sa palaŋ u toppatoo wala tëŋk u palaŋ u taxawu;
- Wax ak sa ki la yilif ci ligeey bi su fekkee ni yow wala sa ligeeykat u kaa dafa am lenn ci lu ngeen andul;
- Laaj Kureel u Yorin u Nguur mu deglu la su fekkee ni dafa am ay kaas yu nga bëgg kaas;
- Mën nga kaas te bul si ragal dara donte sax yow yaa laaj Kureel u Yorin u Nguur m deglu la;
- Waxal ak benn layalkat ci woote ci 1-888-201-1014;
- Bañ mëneef yëpp;
- Am tekkikat u lakk boo dul fay dara su fekkee ni mënuloo lakk wala degg Angale bu baax;
- Tannal, daqq wala soppi ap joxekat u mëneef; te
- Jot ñjureef yii ci ganaaw sek bi ngir joxakat kenn yii.

**Say Wareef**

Am nga wareef u:

- Bayyi ligeeykat u kaa bi bu matal xayma bi lu mu yees-yees benn yoon ci at mu nekk ci barab bu nga tann;
- Bayyi ligeeykat u kaa bi xool sa dëkkuwaay lu mu yees-yees benn yoon ci at mu nekk;
- Jox ñu xibaar yu doy ngir matal sa xayma;
- Waxal sa ligeeykat u kaa ndax keneen dafa lay jëlal ay dogal u paj wala koom;
- Bokkal ci suqqali sa toppatoo wala sa palaŋ u taxawu, te nga xaatim ko;
- Xamal ni sa joxekat u mëneef mënul fayeeku ci mëneef yii wala ci waxtu yu ñu ko jagleelul;
- Tannal sa toppatoo u wer gu yaram u bopp;
- Tannal joxekat u mëneef bu xarañ;
- Sakkal ab barab u ligeeyukaay bu and ak kaaraange;
- Bayyil sa sek u joxekat mu nëbbu;
- Waxal sa ligeeykat u kaa su fekkee ni da nga am ay jafe-jafe ak sa joxekat u mëneef wala su fekkee ni jot u loo waxtu yi la sa joxekat u mëneef wax;
- Fayal sa joxekat u mëneef weer wu nekk su fekkee ni da ngay fay benn wall u sa toppatoo gi;
- Bul jël si anam buy mën a andi fitna; te
- Waxal sa ligeeykat u kaa su fekkee ni dafa am coppite ci:
  - ✓ Sa nekkin u feebar;
  - ✓ Ndimbal bi ngay jot bayyeekoo ci jaboot gi wala yeneen asaans yii;
  - ✓ Fi nga dëkk; wala
  - ✓ Fi sa koom toll.



Barcode label

16172

**Wareef u Ligeeykat u Kaa yi**

Sa ligeeykat u kaa am na wareef u:

- Toppatoo la ak diñite te jox la cër;
- Aar sa sutura;
- Wax la lan la ALTSA ak DDA mën defal, wala mënula defal;
- Jot xibaar ci yow ak ci ñeneen ngir def ab xayma ngir xam sa tolluwaay u taxawu ak jël dogal ci yan mëneef ngay mën tann.
  - ✓ Xayma bi bokk na ci say doole, yi lay yemale, say mbebet, say taamu.
  - ✓ Xayma bi bokk na ci ndimbal bi nga nekk di jot wala bi nga mën a jot ci jaboot wala yeneen asaans ak naka nga bëgg ñu defal la mëneef yii;
- Taxawu la ngir nga taxawal ab palaŋ wala palaŋ u jappale buy amaale taxawu ak toppatoo nit ak di si boole say mbebet u bopp, say taamu, ak say tanneef;
- Jot xibaar ci yow ak ci ñeneen ngir yeesal sa palaŋ u toppatoo wala sa palaŋ u jappale at bu nekk wala saa bu nekkin gi soppeekoo;
- Jox la jot gu doy ngir joxe xibaar bi ñu soxla;
- Yonnee jafe-jafe yii ak sa palaŋ u toppatoo wala palaŋ u jappale ci ni muy ñëwee;
- Jox cër say aqq ak jox la ndimbal ci xayma mëneef yii su fekkee ni da nga am weradi xel, neer, cër u raññee, wala cëru yengu; itam
- Dimbali la nga gis joxekat u mëneef gu aay su fekkee ni mën u loo gisal sa bopp benn.

**Tektal u Waajal**

Am nga sañ-sañ u joxe ay tektal u waajal. Tektal u waajal bokk na ci mbebet u dund wala dooley layalkat buy mën yagg ngir sa toppatoo wer gu yaram. Tektal u waajal dafay tëŋk say mbebet ci wall u paj ak/wala ci wall u wer ub xel, bokk na ci aqq u nangu wala bañ bepp paj, ci wall u xel, wala oppeere, saa boo amulee wer ub xel u jël yooyu dogal ngir yow. Mën nga dellu ginaaw ci tektal u waajal yooyu saa bu la neexee ngir dindi ko.

**Mëneef u Bindub Wotékat yi**

Sart u Reew bu Bindug Wotékat bu 1993 dafay laaj diwaan yëpp joxe taxawub bindu ngir woté ci biir seen biro taxawu ngir askan wi. Dugg ngir bindu wala baña dugg ngir bindu seentu ci woté du soppi dara ci mëneef yii wala li ngay jot ci ndampaay boo xam ni ci asaans bi lay bayyeekoo. Su fekkee ni da nga bëgg dimbali ci bindu ak formileer u bindu ngir woté, di na ñu la dimbali. Sa jël dogal ci bindu wala baña bindu di na ñu ko deñc ci sutura te di na ñu ko jëfëndikoo su fekkee ni ci wall u bindu la rese. Su fekkee ni da nga xalaat ni kenn dafa salfaañe sa aqq u bindu wala baña bindu ngir woté, sa aqq u sutura ci tann ndax da ngay bindu rek wala def ko ngir woté, wala sa aqq u tann sa parti u bopp wala beneen tanneef u politik, mën ngaa dugal ab ñaxtu ak:

Washington State Elections Office
PO Box 40229
Olympia WA 98504-0229
1-800-448-4881

**Sa Xaatim**

Xaatimal fii ci rëdd bi ci suuf su fekkee ni xam nga say aqq ak say wareef itam xam say wareef u ligeeykat u kaa.

________________________________________
XAATIM U KILIYAD

________________________________________
BES

________________________________________
XAATIM U KI KO FI NEKKAL CI KANAM U YOON

________________________________________
BES

Kaddu yegle ngi kiliyaŋ ak ligeeykat yii (Tur VI ak VII) Kureel u Mëneef i Askan ak Wer gu Yaram bu Diwaan u Washington (Washington State Department of Social and Health Services) nekk na ab wërsëg gu yem ci kii ligeeyloo te du am xaajatle ci benn fann ci ligeey bi, ci porogaraam wala mëneef bu weeru ci at, awra, ngoor jigeen, awraal, raññeefteef/xammeefteef u awra, nekk ci buum am deet, soldaar gu alaateret, waa Vietnam, soog fase wala beneen nekkteefu soldaar gu alaateret, amum bepp jafe-jafe cër u yeg-yeg, xel, cër u yengu wala di jëfëndikoo ab xaj u ndimbal wala mala buy jappale nit bu ame laago, pay b yemoowala xibaar u dereet.

**Say aqq ak Yelleef Saa boo Jotee ci Mëneef u**
**Kureel u Taxawu Magg ak Seentu fu Sori ak Kureel u Wey Laago yi ci Suqqaliku**

TEKTAL YII

1. Woneel formileer bii kiliyaŋ bi saa buy matal xayma CARE bu jëkk bi ak di xoolaat palaŋ u toppatoo wala palaŋ u taxawu bi. Su fekkee ni kiliyaŋ bi dafa pare ngir jot ay mëneef te xaatimul ca jëlbeen wersioŋ u formileer bii, joxal formileer bi kiliyaŋ bi ci xayma bi cii topp. Xoolaatal formileer bi ak kiliyaŋ bi ngir tontu ci bepp laaj ci wall u aqq u kiliyaŋ bi ak ay wareefam.
2. Na nga xaatimloo kiliyaŋ bi wala ki fi nekkal kiliyaŋ bi ñaar i kopi u formileer bi ngir wone ni moom xam na bu baax aqq u kiliyaŋ yii ak ay wareefam saa buy jot mëneef yi Kureel u Taxawu Magg ak Seetu fu Sori (Aging and Long-Term Support Administration, ALTSA) ak Kureel u Wey Laago yi ci Suqqaliku (Developmental Disabilities Administration, DDA).
3. Dugalal benn kopi u kayit bi ci biir kayit orisinaal bi wala Sistem u Toppatoo Kayit gi (Document Management System, DMS) te nga jox beneen kopi bi kiliyaŋ bi.